



KEMENTERIAN AGAMA REPUBLIK INDONESIA
KELOMPOK KERJA GURU MADRASAH IBTIDAIYAH
KABUPATEN GUNUNGKIDUL
PENILAIAN AKHIR TAHUN (PAT)
TAHUN PELAJARAN 2023/2024

Kelas : V (Lima)
Mata Pelajaran : Bahasa Jawa

Hari/ Tanggal :
Waktu :

Wenehana tandha ping (X) ing aksara a, b, c utawa d ing pratelan kang bener !

Kanggo nomor 1-5

Pasang Tarub

Tarub, satunggaling adat mligi tiyang ingkang badhe kagungan kersa mantu. Jaman rumiyin kangge ngawekani yen tamu ingkang ramuh kathah. Nanging malah saged dados pratandha bilih ing mriku wonten ingkang kagungan kersa. Ngendikanipun para sepuh, bilih pasang tarub dados satunggaling tolak balak.

Manut crita kina, pasang tarub dados pratandha nyuwun dhateng mbaureksa supados boten ganggu. Pemanggih sanes kangge berkahipun dhumateng “ Ki Jaka Tarub” supados ing papan mriku dados wiyar lan pantes kangge nampi tamu. Mila, tarub saged damel regenging tiyang ingkang kagungan kersa mantu. Tegesipun umpami boten dipuntarubi badhe katingal sangli.

1. Wong pasang tarub pratandha yen duwe gawe
 - a. Mantu
 - b. Supitan
 - c. Tedhak siten
 - d. Kekahan
2. “Pemanggih sanes kangge berkahipun dhumateng “ Ki Jaka Tarub” supados ing papan mriku dados **wiyar** lan pantes kangge nampi tamu.”Tembung **wiyar** tegese
 - a. Gedhe
 - b. Jembar
 - c. Cilik
 - d. Jero
3. Manut crita kina, pasang tarub dados pratandha
 - a. Badhe kagungan mantu
 - b. Bilih ing mriku wonten ingkang kagungan kersa
 - c. Nyuwun dhateng mbaureksa supados boten ganggu
 - d. Dados satunggaling tolak balak

4. Tarub saged damel regenging tiyang ingkang kagungan kersa mantu. Tegesipun
 - a. Umpami boten dipuntarubi badhe katingal sangli
 - b. Bilih ing mriku wonten ingkang kagungan kersa
 - c. Nyuwun dhateng mbaureksa supados boten ganggu
 - d. Berkahipun dhumateng “ Ki Jaka Tarub ” supados ing papan mriku dados wiyar
5. Tembung sangli tegese
 - a. Ora sreg
 - b. Reged
 - c. Resik
 - d. Sreg
6. Upacara tanggal 12 Mulud ing alun-alun Kraton Ngayogyakarta, diarani
 - a. Bekakak
 - b. Labuhan
 - c. Grebeg
 - d. Sekaten
7. Upacara ngresiki desa sawise panen, diarani
 - a. Slapanan
 - b. Sur tanah
 - c. Merti desa
 - d. Ruwatan
8. Ubarampe upacara tedhak siten ing antarane jadah werna pitu.

Jadah digawe saka

 - a. Glepung beras
 - b. Tela pohong
 - c. Beras abang
 - d. Beras ketan
9. Slapanan yaiku slametan nalika bayi
 - a. Umur 35 dina
 - b. Arep mudun ing lemah
 - c. Lagi lair
 - d. ing kandhungan umur pitung sasi
10. Tingkeban yaiku upacara nalika bayi
 - a. Umur 35 dina
 - b. Arep mudun ing lemah
 - c. Lagi lair
 - d. ing kandhungan umur pitung sasi

kanggo nomer 11-16

Reroncene Adang Tani

Kaanggit dening Trie Sutajaya

Ijo royo-royo

Gumelar sak ngisore langit biru

Angin tumiyup

Dolanan godhong pari

Kadang tani padha mesem

nyawang parine wis kuning

Ati ayem tentrem

Pari kuning

Minangka reroncene urip

Tembe mburi

11. Irah-irahan geguritan kasebut yaiku
 - a. Reroncene Adang Tani
 - b. Kaanggit dening Trie Sutajaya
 - c. Ijo royo-royo
 - d. Pari Kuning
12. Sing nulis geguritan ing dhuwur yaiku
 - a. Pak tani
 - b. Kadang tani
 - c. Sedulur kampung
 - d. Trie Elang Sutajaya
13. Isine geguritan ing dhuwur yaiku pak tani seneng atine amarga....
 - a. Ora panen
 - b. Nandur pari
 - c. Arep panen
 - d. Panen gedhe
14. Tegese tembung mesem ana ing geguritan mau yaiku....
 - a. Ngguyu seneng
 - b. Arep panen
 - c. Rasa lara
 - d. Ati ayem
15. Kepriye atine kadang tani nalika nyawang sawahe ?
 - a. Atine susah
 - b. Atine ayem
 - c. Kepengen guyu
 - d. Kepengen lunga
16. Geguritan ana dhuwur ana ... gatra.
 - a. 10
 - b. 11
 - c. 12
 - d. 13
17. Cak-cakane maca geguritan mesthine beda karo maca basa gancaran. Alon bantere anggone maca geguritan diarani
 - a. Wicara
 - b. Wiraga
 - c. Wirama
 - d. Wirasa
18. Obahing awak nalika maca geguritan diarani
 - a. Wicara
 - b. Wiraga
 - c. Wirama
 - d. Wirasa

Kanggo nomor 19-20

Eling

Nalika mangkat sinau

Pamit bapa lan ibu

Ati mantep lan solahe

Elingo mring welinge

19. Isi geguritan kasebut nyritakake bocah arep mangkat
- | | |
|----------|------------|
| a. Kerja | c. Sinau |
| b. Mudik | d. Sekolah |
20. Sadurunge mangkat sinau pamit marang
- | | |
|-----------------|---------------|
| a. Bapa lan ibu | c. Ati mantep |
| b. Solahe | d. Welinge |

Kanggo nomor 21-24

Gangsa

Gangsa wonten kalih prangkat inggih menika slendro lan pelog. Saprangkat gangsa wonten 15 ricikan, kadosta: gender, slenthem, saron, gambang, boning, kendhang lan sapanunggalanipun. Anggenipun mastani, gangsa saprangkat menika 15 pangkon. Tegesipun, ingkang nabuh cacah 15 tiyang. Tukang nabuh gangsa naminipun niyaga. Nanging menawi lare SD sinau nabuh gangsa, naminipun tetep penabuh.

21. Gangsa tegese
- | | |
|------------|-------------|
| a. Gamelan | c. Penabuh |
| b. Niyaga | d. Kendhang |
22. Gamelan saprangkat cacahé ana ... ricikan.
- | | |
|-------|-------|
| a. 13 | c. 17 |
| b. 15 | d. 21 |
23. Tukang nabuh gamelan diarani
- | | |
|-----------|------------------|
| a. Empu | c. Niyaga |
| b. Pandhe | d. Juru Gendhing |
24. Anggenipun mastani, gangsa saprangkat menika 15 pangkon. Tegesipun
- | | |
|--------------------------------------|-----------------------------------|
| a. Ingkang nabuh cacah 15 tiyang | c. Ingkang damel cacah 15 tiyang |
| b. Ingkang ngrancang cacah 15 tiyang | d. Ingkang tumbas cacah 15 tiyang |

25. Buka yaiku miwiti gendhing nganggo ricikan gamelan. Sing kena mbukani gendhing yaiku
- a. Gong
 - b. Kenong
 - c. Gambang
 - d. Kendhang

26.





Gamelan kasebut jenenge

- a. Gender
 - b. Gambang
 - c. Saron
 - d. Slenthem
27. Negara manca wis akeh sing kapilut marang gamelan.
Tembung kapilut tegese
- a. Sengit
 - b. Ora gelem
 - c. Kesengsem
 - d. Wegah
28. Kancamu kuwi kawruhe jero tapak meri, nanging kok ngeyel ora gelem dikandani.
Tegese kawruhe jero tapak meri yaiku
- a. Pinter banget
 - b. Bodho banget
 - c. Pengalamane akeh
 - d. Pengalamane sithik
29. Bocaha kui ulate peteng. Paribasane yaiku
- a. Cayane abang dluwang
 - b. Rembuge peret beton
 - c. Polahe anteng kitiran
 - d. Ulate bening leri
30. Ibu : “ Mas Bima, tunggu omah ya? Aku tak menyang warung sedhela !”
Bima :” Inggih bu ! Ibu badhe ... menapa ?”
Tembung kang mathuk kanggo ganepi ukara kasebut yaiku
- a. Nunggang
 - b. Numpak
 - c. Nitih
 - d. Ngagem
31. Bawa didhawuhi bapakane , “ Wa, laying ulem iki caosna pakdhe!”
Wangsulane Bawa kang bener yaiku
- a. “ Inggih Pak, serat kula caosaken Pakdhe “.
 - b. “ Inggih Pak, serat kula paringne Pakdhe “.
 - c. “ Inggih Pak, serat kula wenehne Pakdhe “.
 - d. “ Inggih Pak, serat kula sukakne Pakdhe “.

40. “ Mangan nanas “

Ukara iki yen ditulis aksara jawa yaiku ...

- a. 
- b. 
- c. 
- d. 